Научная статья
УДК 398.223
DOI: 10.31007/2306-5826-2022-4-2-55-119-130

# ЛIЫХЪУЖЬЫМ И ДУНЕЙ КЪЫТЕХЬЭКIАР КЪЭЗЫIУАТЭ МОТИВЫР ТХЫДЭР ЗИ ЛЪАБЖЬЭ ЛIЫХЪУЖЬ ЭПОСЫМ И ПАСЭРЕЙ ЛЪЭХЪЭНЭМ КЪЫЗЭРЫХЭЩЫР

***Быхъурэ Мухьэмэд ФуIэд и къуэ***

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиал, Налшык, Урысей, mbf72@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-6253-4097

© Быхъурэ М.Ф., 2022

***Аннотацэ***. Лэжьыгъэр теухуащ лIыхъужьым и дуней къытехьэкIар къэзыIуатэ мотивыр тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосым и пасэрей лъэхъэнэм къызэрыхэщыр убзыхуным. Нэхъыбэу гулъытэ зыгъуэтахэм ящыщщ абы и къуэпсхэр къыздежьэр, адэкIэ зэрызиужьыр, игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр гъэбелджылыныр. Мыбы и лъэныкъуэкIэ къытрадзауэ нобэкIэ щыIэ къэхутэныгъэхэр нэхъыбэу зытегъэпсыхьар нарт эпосым, телъыджей, лIыхъужь псысэхэм мотивым зэрызыщиужьар къэпщытэнырщ. Тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосым бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр джа щыхъуа лэжьыгъэхэм абы щIыпIэ хэха щаубыд пэтми, зыкъомыр зытепсэлъыхьыр Андемыркъан и циклым ар къызэрыщыгъэлъэгъуарщ. Абы къикIращи, зи гугъу тщIы эпос лIэужьыгъуэм и къежьапIэ лъэхъэнэм мотивыр зэрыщызэтеувар наIуэ къэзыщI къэхутэныгъэ щхьэхуэ зэкIэ щыIэкъым. Абы къыхэкIащ мы лэжьыгъэм дыщIыпэрыхьари. Статьям лъабжьэ хуэхъуащ Андемыркъан, ЕщIэнокъуэ зэшхэм ехьэлIауэ щыIэ уэрэдхэмрэ хъыбархэмрэ. Абыхэм едгъэпщэну щапхъэу къыдохь нарт эпосым, телъыджей, лIыхъужь псысэхэм къызэщIаубыдэ IуэрыIуатэхэкIхэм щыщ зыкъоми, дызытепсэлъыхь мотивым и пкъыгъуэ куэдыр абыхэм я деж къыщежьэу зэрыщытым къыхэкIыу.

***Зэрыгъуэзэн псалъэхэр:*** лIыхъужьым и дуней къытехьэкIар къэзыIуатэ мотив, нарт эпос, тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпос, лIыхъужь псысэ, пасэрей цикл, Андемыркъан, ЕщIэнокъуэ зэшхэр

***Цитатэ къызэрыхэпхынур:*** Быхъурэ М.Ф. ЛIыхъужьым и дуней къытехьэкIар къэзыIуатэ мотивыр тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосым и пасэрей лъэхъэнэм къызэрыхэщыр // Вестник КБИГИ. 2022. № 4-2 (55). С. 119–130. DOI: 10.31007/2306-5826-2022-4-2-55-119-130

Original article

# THE MOTIVE OF THE BIRTH OF A HERO IN THE EARLY CYCLES OF THE HISTORICAL AND HEROIC EPOS OF THE ADYGS

***Mukhamed F. Bukhurov***

Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences», Nalchik, Russia, mbf72@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-6253-4097

© M.F. Bukhurov, 2022

***Abstract***. The article examines the main forms of objectification of the hero's birth motif in the early cycles of the historical-heroic epic of the Adygs (Circassians). Particular attention is paid to the problems of their genesis, evolution and transformation. In the current works, these issues were considered mainly in connection with the archaic Nart epic, fairy tales and heroic tales. In scientific works devoted to the study of the poetics and style of the younger epos, a significant place is given to the analysis of ways to implement this motif in the Andemirkan cycle. However, until now there are no special works devoted to a detailed description of the stages of formation and development of the birth motif of a hero in the older cycles of the named variety of the Adyg epic, which determines the relevance of this study. The study is based on the materials of the cycles about Andemirkan and the Eshanoko brothers. For comparison, the texts of the archaic Nart epic, fairy tales and heroic tales are used, the elements of which have become the main source for the formation of the folklore phenomenon under consideration.

***Keywords****:* the birth motif of a hero, Nart epic, historical and heroic epic, heroic tale, early cycles, Andemirkan, Eshanoko brothers

***For citation****:* Bukhurov M.F. The motive of the birth of a hero in the early cycles of the historical and heroic epos of the Adygs. Vestnik KBIGI = KBIHR Bulletin. 2022; 4-2 (55): 119–130. (In Kabardino-Circassian). DOI: 10.31007/2306-5826-2022-4-2-55-119-130

Научная статья

# МОТИВ РОЖДЕНИЯ ГЕРОЯ В РАННИХ ЦИКЛАХ ИСТОРИКО-ГЕРОИЧЕСКОГО ЭПОСА АДЫГОВ

***Мухамед Фуадович Бухуров***

Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук», Нальчик, Россия, mbf72@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-6253-4097

© М.Ф. Бухуров, 2022

***Аннотация***. В статье исследуются основные формы объективации мотива рождения героя в ранних циклах историко-героического эпоса адыгов (черкесов). Особое внимание уделяется проблемам их генезиса, эволюции и трансформации. В существующих в настоящее время работах эти вопросы рассматривались в основном в связи с архаическим нартским эпосом, волшебной и богатырской сказками. В научных трудах, посвященных изучению поэтики и стиля младшего эпоса, значительное место отводится анализу способов реализации этого мотива в цикле об Андемиркане. Однако до настоящего времени не существует специальных работ, посвященных детальной характеристике этапов формирования и развития мотива рождения героя в более древних циклах названной разновидности адыгского эпоса, чем и определяется актуальность настоящего исследования. Исследование основано на материалах циклов об Андемиркане и братьях Ешаноко. Для сравнения привлекаются тексты архаического нартского эпоса, волшебных и богатырских сказок, элементы которых стали основным источником для формирования рассматриваемого фольклорного феномена.

***Ключевые слова****:* мотив рождения героя, нартский эпос, историко-героический эпос, богатырская сказка, ранние циклы, Андемиркан, братья Ешаноко

***Для цитирования****:* Бухуров М.Ф. Мотив рождения героя в ранних циклах историко-героического эпоса адыгов // Вестник КБИГИ. 2022. № 4-2 (55). С. 119–130. DOI: 10.31007/2306-5826-2022-4-2-55-119-130

ЛIыхъужьым и дуней къытехьэкIар къэзыIуэтэж мотивыр ящыщщ дуней псо IуэрыIуатэм нэхъыбэ дыдэу зыщызужьахэм. Псом хуэмыдэжу абы дыщрохьэлIэ лIыхъужь эпосым, телъыджей, лIыхъужь псысэхэм. Мотивыр джыным зэрыщIадзэрэ зыкъом щIащ, щIэщыгъуэ куэди къэхута, щIэныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхугъуэфIхэри лэжьа хъуащ. Псалъэм папщIэ, телъыджагъэ хэлъу лIыхъужьыр дунейм къызэрытехьэр къызыхэщ мотивым

лъабжьэ хуэхъуар, абы и лIэужьыгъуэхэр, пасэрей IуэрыIуатэм абы щигъэзащIэ къалэнхэр, нэхъ иужьыIуэкIэ къэунэхуа жанрхэм зэрыхыхьа щIыкIэр, абыхэм щигъуэт зэхъуэкIыныгъэхэр, нэгъуэщI куэдхэри белджылы къащIащ. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, апхуэдиз «ехъулIэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьа» мотивым зыгуэри пхухэмылъхьэжыным хуэдэщ. Ауэ, щIэныгъэлIхэр абы тетамэ, ар щызэпкърыха къэхутэныгъэхэр нобэр къыздэсым, дауикI, ирагъэкIуэкIынтэкъым. Мотивыр зырэ я къэIуэтэкIэри зэфэзэщу, я къуэпсхэри зым къыщежьэрэ зэщхьу зыужьыныгъэ игъуэтауэ щытатэмэ, апхуэдиз къэхутэныгъэри лейуэ къыпщыхъунри хэлът. АрщхьэкIэ Iуэхур зытетыр нэгъуэщIщ: мыр къызэрыIуэта щIыкIэр апхуэдизкIэ зэмыфэгъуу, лIэужьыгъуэ куэду зэтепщIыкIыжащи, лъэпкъ къэскIэ къызэрагъэсэбэп щIыкIэр щыгъэтауэ, зы лъэпкъым и IуэрыIуатэр абыкIэ зэрыкъулейр, абы щыгъуэми куэду зэщхьэщыкIыжу зэрыщытыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Апхуэдэу зэрыщытырщ еджагъэшхуэхэм зэман-зэманкIэрэ мотивыр къэпщытэным зыщIыхуагъазэри. Дэри мы лэжьыгъэм дыщыпэрыхьэм дыкъызыпкърыкIар аращ: псом дежи мотивыр зыщ – лIыхъужьым и дуней къытехьэкIар къиIуатэу арщ, ауэ а къэIуэтэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэр аращ IуэрыIуатэхэкIыр езыр къулей, щIэщыгъуэ, удэзыхьэх, гъэщIэгъуэн зыщIыжри. Абы къыхэкIкIэ дэтхэнэ зы лIыхъужьми и образым ар зэрепхар къэпщытэным щIэныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу къыдолъытэ. А псом къыхэкIащ мотивыр тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосым и пасэрей циклхэм къызэрыхэщыр белджылы къэтщIыну иужь дыщIихьар.

Мотивыр адыгэ IуэрыIуатэм къызэрыщыкIуэр джа зэрыхъуам теухуауэ жыпIэмэ, куэдми-мащIэми мыбы зыгуэр хужызымыIа ди щIэныгъэлIхэм яхэту къэгъуэтыгъуейщ. Ауэ щапхъэ къудейуэ къыжытIэнщи, ди лъэпкъ IуэрыIуатэр тедзэн зэрыщIадзэрэ (XIX лIэщIыгъуэм къыщегъэжьауэ) Сосрыкъуэ мывэм къыдахауэ къызэрыIуэтам зэкъым-тIэукъым зэрытетхыхьахэр, апхуэдизкIэ щIэныгъэм дежкIэ абы и мыхьэнэр зэрыиныр IупщIти. Апхуэдэхэщ мыдрей нарт лIыхъужьхэм я къэхъукIари. Мыбы и IуэхукIэ лэжьыгъэ псоми я гугъу тхуэмыщIми, зыбжанэм тепсэлъыхьыпхъэщ. Псалъэм папщIэ, Алий А.И. пасэрей эпосым триухуа и къэхутэныгъэм лIыхъужь нэхъыщхьэ къэс Iыхьэ щхьэхуэ хухихащ, Iыхьэ къэси щхьэж и дуней къытехьэкIам щытопсэлъыхь [Алиева 2019: 23–184]. Апхуэдэу адыгэ нарт эпосым елэжь Гъут I.М. и къэхутэныгъэхэм а Iуэхугъуэм гулъытэшхуэ щыхуэщIащ [Гутов 2009]. Мотивым и гугъу щыщIащ Хъут Щ.Хь. и лэжьыгъэхэми [Хут 2003]. Ди псысэ персонажхэм я дуней къытехьэкIам бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэри белджылы къыщыщIа къэхутэныгъэ зыбжани дунейм къытехьауэ щыIэхэщ [Алиева 2019: 422–441; Бухуров 2009; Быхъурэ 2013]. Тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосми мотивым зэрызыщиужьар къыщыпщыта къэхутэныгъэ зыбжани ирагъэкIуэкIащ, ауэ мыбыхэм нэхъыбэу мыхьэнэ зэтауэ щытыр Андемыркъан къызэралъхуар къызыхэщыж мотивырщ [Алиева 2019: 208–304; Гутов 2000: 36–38; Бухуров, Бухурова 2019]. НэгъуэщI персонажхэми мы Iуэхугъуэр зэрепхар IупщI къэщIыным ди IуэрыIуатэм и къулеягъыр къигъэлъагъуэу, абы щыгъуэми дэтхэнэми мыбы и лъэныкъуэкIэ щхьэхуэныгъэ гуэрхэр зэрабгъэдэлъыр къэтлъытэри мы лэжьыгъэм дыпэрыхьащ. Псом хуэмыдэжу зи гугъу тщIы эпос лIэужьыгъуэм и пасэрей циклхэм мотивым зыужьыныгъэшхуэ щигъуэтащ: мыбыхэм къахэщыр лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я дуней къытехьэкIэ къудейркъым, атIэ бийм и къэхъукIами сюжет щхьэхуэ щыхухэха щыIэщ. А псом ириплъэным, Андемыркъан къызэралъхуар къэзыIуэтэж сюжет лIэужьгъуэхэри къэплъытэмэ, лъагъуэ дытришэу жыпIэ хъунущ тхыдэр зи лъабжьэ эпосым и пасэрей IуэрыIуатэхэкIхэм мотивым щигъуэта теплъэр, абы и лIэужьыгъуэхэр, дэтхэнэми къежьапIэ хуэхъуар наIуэ къэтщIыфыну.

Мыбдежым нэгъуэщI зы Iуэхугъуи дигу къыщыдгъэкIыжыпхъэщ. ЩIэныгъэлIхэм гу зэрылъатамкIэ, IуэрыIуатэхэкIыр нэхъ пасэрейуэ щытыхункIэ, зэман жыжьэм къыщежьа мотивхэмкIэ нэхъыбэу гъэнщIауэ, нэхъ иужькIэ къежьамэ,

гъащIэм и пэжым нэхъ пэгъунэгъуу щытщ. Ар зэлъытари гурыIуэгъуэщ – цIыхум кIуэ пэтми и къэухьым, и гупсысэм зэрызиужьыарщ. ДауикI, илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ псэуам бгъэдэлъа фIэщхъуныгъэхэм хуэдэжкъым иужьрейхэм я зэхэщIыкIыр. Апхуэдэу щыт пэтми, IуэрыIуатэм ди зэманхэм къихьэсащ пасэрей лъэхъэнэм и нэпкъыжьэ зытелъ мотив куэд. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Сосрыкъуэ мывэм къызэрыдахар, псысэхэм анэм пхъэщхьэмыщхьэ, жылэ гуэр ишхыу, хъыджэбзыр хьэкIэкхъуэкIэ е миф псэущхьэ гуэрым идыгъурэ зэдэпсэууэ сабийр дунейм къытехьэу къэзыIуэтэжхэр. Мыпхуэдэхэр къызэрыгупсысам иджыпсту зыми шэч къытрихьэркъым, ауэ а Iуэху еплъыкIэр зиIэр дунейм щекIуэкIыр, абы и къэхъукъащIэхэр къызыгурыIуа цIыхурщ, зэманыжьым псэуам и къэухьым а псор зэригъэзахуэркъыми, мыбыхэм хуиIэ фIэщхъуныгъэр бydэщ.

Мы IуэхугъуитIым – пасэрей фIэщхъуныгъэмрэ абы къыпкърыкIа IуэрыIуатэ мотивхэмрэ – яку дэлъ зэхущытыкIэм еджагъэшхуэ зыбжанэм я къэхутэныгъэхэр траухуауэ щытащ. Апхуэдэхэщ В.М. Жирмунскэр, В.Я. Пропп, Дж.Дж. Фрэзер, Л.Я. Штернберг, н. ЩIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэхэм Iуэхугъуэшхуэ куэд щызэпкърыхащ. А псом мыбдежым дащытемыпсэлъыхьыфми, зы лIэужьыгъуэм къежьапIэ хуэхъуам, и зыужьыкIам и щапхъэ къэтхьынщ, мотивым къызэпича гъуэгуанэр IупщI къызэрищIым къыхэкIыу. Зи цIэ къитIIуа IуэрыIуатэджхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, матриархатым тепщэгъуэр щиIыгъа зэман жыжьэм къыщожьэр «партеногенезискIэ» зэджэ Iуэху еплъыкIэр. Абы къикIращи, адэншэу сабийр дунейм къытехьэныр зэгуэр я фIэщ хъууэ щытащ [Пропп 1976: 206]. Апхуэдэ дыдэу къэкIыгъэхэм псэ къыпхэзылъхьэ къару ябгъэдэлъуи къафIэщIырт [Пропп 1976: 237]. Дж.Дж. Фрэзер иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм тепщIыхьмэ, пасэрей цIыхум и гъащIэм мэгъуми мыхьэнэшхуэ щиIащ, икIи, абыхэм зэрагугъэу щытамкIэ, зэгуэр зэлъэIэса, гъунэгъу зыхуэхъуа хьэпшып сыт хуэдэхэр мэгъу къарум и фIыщIэкIэ ябгъэдэлъ щытыкIэхэмкIэ зэхъуажэфхэрт [Фрэзер 1984: 19]. Апхуэдэ гупсысэм къыпищэу Л.Я. Штернберг итхыгъащ, мыIэрысейм мин бжыгъэкIэ къыпыкIэ мыIэрысэхэр а жыгым и «сабийуэ» къалъытэу, а мыIэрысэхэр бзылъхугъэхэм яшхмэ, мэгъу къарум и фIыщIэкIэ а жыгым хуэдэу «быныфIэ» хъун я гугъэу зэрыщытар [Штернберг 1936: 440]. А гупсысэ дыдэр къыщыIуэтащ В.Я. Пропп и къэхутэныгъэхэми [Пропп 1976: 210]. Мис апхуэдэ дуней еплъыкIэхэм къашауэ хуагъэфащэ, пхъэщхьэмыщхьэ е жылэ гуэр ишхмэ хъыджэбзым (языныкъуэхэм деж – фызыжь цIыкIум) бын (лIыхъужь нэхъыщхьэр) иIэу къызыхэщ мотивыр къежьэныр. ИужькIэ цIыхум и къэухьым, и дуней еплъыкIэм зиужьу а фIэщхъуныгъэхэр нэхъ мащIэ хъуами, е текIуэтыпами, IуэрыIуатэм ахэр къигъэсэбэпыныр пичыркъым, атIэ лIыхъужь нэхъыщхьэр къызэрыхагъэщхьэхукI художественнэ Iэмалхэм хуокIуэри жанр зэхуэмыдэхэм зыщауж. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Гъут I.М. гу зэрылъитащи, лIыхъужь пажэр адрейхэм къащхьэщыкIын хуейщ зыми дэдмылъагъу нэщэнэхэмкIэ: къару егъэлея зэрыбгъэдэлъымкIэ, егъэлеяуэ псынщIэу зэрыхэхъуэмкIэ, иджыри сабийуэ (щIалэ дыдэу) адрейхэм зарефIэкI лIыгъэ къызэрылъыкъуэкIымкIэ, икIэм-икIэжращи, телъыджагъэ хэлъу дунейм къызэрытехьэмкIэ [Гутов 2009: 28].

Адыгэ IуэрыIуатэм апхуэдэ мотивхэм зыужьыныгъэшхуэ зэрыщигъуэтам и щыхьэтщ мыдрейхэм ещхьу къызэрыгуэкIыу дунейм къытехьэу зы лIыхъужь нэхъыщхьи нарт эпосым зэрыхэмытыр: Сосрыкъуэ мывэм къыдах [Нартхэр… 2012: 181, 182, 183–186, н.], Уэзырмэсрэ Хъымыщрэ я анэр хы щIагъ дунейм щыпсэу зэшиблым я шыпхъущ [Нартхэр… 2017: 23–27, 27–34, н.], Батрэз и анэр испы лъэпкъым къыхэкIащ [Нартхэр… 2017: 163–168, 168–173, н.], Бэдынокъуэ и анэр къызэрыгуэкI цыхуми, ари къаруушхуэ зыбгъэдэлъ бзылъхугъэ зауэлIщ [Нартхэр… 2020: 28–35, 35–39, н.], Щауей и анэр иныжьыпхъущ [Нартхэр… 2020: 433–441, н.]. Псысэхэм захуэдгъазэми, мотивыр нэхъыбэжу зэтепщIыкIыжащ: хэти я анэ хъунухэм мыIэрысэ [ФАИГИКБНЦРАН: Инв. № 663], гуэдз жылэ [АИГИКБНЦРАН: Ф. 12. Оп. 1. П. № 6-б. П. № 2], нэгъуэщI шхыныгъуэ гуэрхэр

[Адыгэ таурыхъхэр… 2018: 382–389] яшхри, хэти хъыджэбзыр хьэкIэкхъуэкIэ (нэхъыбэрэ – мыщэм) е миф псэущхьэ гуэрым едыгъури, зэдэпсэууэрэ, сабийр дунейм къытохьэ [Адыгэ таурыхъхэр… 2018: 197–209; АИГИКБНЦРАН: Ф. 12. Оп. 1. П. № 6-а. П. № 3, 12], ещанэхэр – хаса къэкIыгъэм цIыху къытопщIыкI [АИГИКБНЦРАН: Ф. 12. Оп. 1. П. № 6-б. П. № 5], н. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дунейм къытехьа лIыхъужьыр хахуагъэрэ лIыгъэкIэ псоми ефIэкIыу мэхъу.

Тхыдэр зи лъабжьэ эпосри аращи, и лIыхъужьыр къыхигъэщхьэхукIыну, гу лъуигъэтэну, игъэфIэну хущIокъу, абы папщIэкIи ижь-ижьыж лъандэрэ IуэрыIуатэм зэтриухуа хабзэм, ищхьэкIэ жыхуэтIам, зэрытетыным яужь итщ. Пэжщ, мыбы къызэщIикъуэ IуэрыIуатэхэкIхэм я лъабжьэр гъащIэм и пэжым нэхъ пэгъунэгъущ, е тхыдэ къэхъугъэр къыщыгъэлъэгъуэжащ. Апхуэдэу щыщыткIи, мы эпос лIэужьыгъуэм и лIыхъужьым и дуней къытехьэкIэри пэжым нэхъ пэблагъэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, ари адрей цIыхухэм къащхьэщыкIын хуейщ, аращ IуэрыIуатэм и образ къэгъэщIыкIэ хабзэри. Гу зылъытапхъэращи, мыбдежым мотивыр къызэрыщыгъэсэбэпам щхьэхуэныгъэ хыболъагъуэ: зы лъэныкъуэкIэ миф гупсысэхэм къаша пкъыгъуэхэр IуэрыIуатэм иджыри зэкIэ IэщIыб хуэщIыркъым, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, мы эпос лIэужьыгъуэр щызэтеувэ лъэхъэнэм ахэр лIыхъужьым кIэрылъхьэныр «къезэгъыжыщэу» щыткъыми, гъащIэм и пэжым пэджэж, е нэгъуэщIу жыпIэмэ пэж дыдэу къэхъункIэ хъуну Iуэхугъуэм пэблагъэ къэIуэтэкIэм зэрыхуишэным хущIокъу. Апхуэдэм и щапхъэ гъуэзэджэхэм ящыщ зыуэ жыпIэ хъунущ Андемыркъан и дуней къытехьэкIам къепха мотивхэр.

Еджагъэшхуэхэм гу зэрылъатащи, мы мотивым къэIуэтэкIэ зэхуэмыдэхэр иIэу циклым дыщыхуозэ. Гъут I.М. зэритхымкIэ, феодальнэ эпоскIэ зэджэм и щIэдзапIэ лъэхъэнэм иджыри къаруушхуэ щаIэт пасэрей IуэрыIуатэм щызэтеувауэ лIыхъужь нэхъыщхьэр кърыхагъэщхьэхукIыу къагъэсэбэп Iэмалхэм. Абыхэм ящыщ зыщ лIыхъужьым и лIакъуэр миф псэущхьэ гуэрым деж къыщыщIидзэу къэгъэлъэгъуауэ куэдрэ узэрырихьэлIэр. А щытыкIэмкIэ къэIуэтауэ жыпIэ хъунущ Андемыркъан и лIакъуэри мэзылIым екIуалIэу хъыбарым къыщIыхэщыр [Гутов 2000: 36]. Сэхъу Мамызэ (I856 гъ./къ.) къыжиIэжауэ щыта хъыбарым [Адыгэ IуэрыIуатэхэр 1969: 219–220] къызэрыхэщымкIэ, Андемыркъан и анэр къызэрыгуэкI цIыхущ, и адэр мэзылIщ: къегуэкIуа щIалэм щрамыткIэ, хъыджэбзым къуаншагъэ лъэпкъ бгъэдэмылъ пэтми, щIалэр абы хуэпсалъэу щIедзэ; адэм ар щызэхиххIэ, и напэр трихауэ къыщохъу, къогубжьри унафэ ещI, и пхъур мэзым яшэу хыфIадзэну, абы щагъэкIуэдыну; хъыджэбзыр мэзым щIэтурэ, мэзылI кърохьэлIэ, абы фыз хуохъури, сабии (Андемыркъан) зэдагъуэт. Зэрынэрылъагъущи, мыбдежым циклым и лIыхъужьыр къыхигъэщхьэхукIын папщIэ пасэрей эпосымрэ лIыхъужь псысэмрэ щызэтеува сюжетым зыхуегъазэр. Мыр и къэIуэтэкIэкIэ пэблагъэщ Антти Аарнерэ Стиф Томпсонрэ я сюжетгъэлъагъуэм (адэкIэ AT) [Thompson 1961] дызыщрихьэлIэ 303-I сюжетым. Апхуэдэ псысэм и щапхъэщ «МэзылIым и хъыбар» [Адыгэ таурыхъхэр… 2018: 197–201] жыхуиIэр: нэгузегъэужь кIуа щIалэгъуалэм яхокIри хъыджэбзыр (Нагъуэ) мэзым хохьэ; мэзылI къытоуэри ехь; зэдэпсэууэ щIадзэ, щIалэ цIыкIуи къащIохъуэ.

Мотивым адэкIэ циклым щигъуэт зэхъуэкIыныгъэхэм, зыужьыныгъэхэм я гугъу пщIымэ, псом япэу гу зылъытапхъэхэм ящыщщ, миф нэщэнэхэр кIуэ пэтми текIуэтрэ, абы ипкъ иткIи лIыхъужьым и лIакъуэр зэкIуалIэ миф псэущхьэр къызэрыгуэкI цIыхукIэ, ауэ къару зэрамыщIэж бгъэдэлърэ мэзылIым и хьэл-щэн куэд зыхэпща образкIэ хъуэжа зэрыхъур: тенджыз Iуфэм щыпсэу лIы бланэр къытоуэри Къэрабэхэ я пхъур ехь, зэдэпсэууэ ирагъажьэри, щIалэ цIыкIу (Андемыркъан) къащIохъуэ [Кабардинский фольклор 2000: 308–313]. Хуэм-хуэмурэ циклым мы сюжет къэIуэтэкIэр гъащIэм и пэжым пэблагъэ зэрищIым и нэщэнэщ хъыджэбз дыгъуныр абы зэрыхэмытыжымрэ адэм и образым хэтлъагъуэу щыта миф теплъэр, мэхъаджагъэр зэрыкIэрымылъыжымрэ: тенджыз тIуащIэм бланэ защIэу лъэпкъ щопсэу; Андемыркъан къэзылъхуа и адэ-анэр абыхэм

ящыщщ, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжуи зэдопсэу; адэкIэ щIалэ цIыкIур бгъэ абрагъуэм ирехьэжьэри Къэбэрдейм кърехьэ [Кабардинский фольклор 2000: 303–308]. Ауэ, гъэщIэгъуэнращи, мыбдежым пасэрей гупсысэкIэм къиша пкъыгъуэхэр нэхъ мащIэ щыхъуауэ къыпфIэщI пэтми, Iуэхур зыIутыр нэгъуэщIщ. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, пасэрей цIыхум къызэрыгурыIуэмкIэ, щIэплъыпIэм (горизонт) адэкIэ щыIэр нэгъуэщI дунейщ, лIыхъужьыр абы бгъэм (е нэгъуэщI къуалэбзу лIэужьыгъуэ гуэрым) ехь (е къехь); апхуэдэу кхъуафэжьейкIи зэпросыкI, чейм ису (пхъуантэм дэсу, н.) псым (тенджызым) траутIыпщхьэри, мы дунейм къехь, езы лIыхъужьым псэущхьэ гуэрым и теплъэ зрегъэгъуэтри макIуэ (къокIуэ) [Пропп 1986: 83–87]. Аращи, Андемыркъани, нарт лIыхъужьхэм хуэдэу, и дуней къытехьэкIэр нэгъуэщI дунейм пыщIащ, ар дыдэмкIи ар IуэрыIуатэм адрейхэм къащхьэщигъэкIащ.

Дызытепсэлъыхь мотивым и къэIуэтэкIэр гъащIэм и пэжым нэхъри нэхъ пэгъунэгъуж ещI абы и лIакъуэр пщы лъэпкъым екIуалIэу хъыбар зыбжанэм къызэрыхэщым. Абы къыдэкIуэу, мыбыхэм хыдолъагъуэ адыгэм зэрихьэу щыта хабзэхэм ящыщ зы – пщы-уэркъхэм щхьэгъусэу къыхахын хуейри езыхэм къахуэдэн хуейт. АрщхьэкIэ, хъыбыарым и вариант куэдым къызэрыщыIуэтамкIэ, пщым унэIут цIыхубз щIасэ хуохъури, Андемыркъан къалъху, ар щIахъумэн мурадкIи сабийр хыфIадзэ: Андемыр къызэрыкIуэжыну гъуэгум и Iуфэм щагъэтIылъ [АИГИКБНЦРАН. Ф. 12. Оп. 1. П. 21-е. П. 6], жыг зэхуакум далъхьэ [АИГИКБНЦРАН. Ф. 12. Оп. 1. П. 21-г. П. 9; Ф. 12. Оп. 1. П. 21-е. П. 4; Ф. 12. Оп. 1. П. 21-ж. П. 13], псыхъуэм къыданэ [АИГИКБНЦРАН. Ф. 12. 203 Оп. 1. П. 21-и. П. 10], Андемыр кIэщIадзэ [АИГИКБНЦРАН. Ф. 12. Оп. 1. П. 21-г. П. 23], н. Андемыр къещтэри епI. Мыбдежми ипэрейуэ дызриплъахэм ещхьу, и къэIуэтэкIэр псысэ сюжетым хуокIуэж. Къапщтэмэ, АТ 315 сюжет зиIэ телъыджей, лIыхъужь псысэхэм мыр къазэрыщхьэщыкIыр зы закъуэщ – образ хэтхэрщ: псысэхэм лIыхъужьым и адэу миф псэущхьэ (благъуэ, иныжь, мэзылI) къыхэщмэ, Андемыркъан и адэр къызэрыгуэкI цIыхущ, пщыщ. Адрейуэ сюжетым и ухуэкIэкIи, лIыхъужьхэм я къалэнкIи, я IуэхущIафэкIи зэхуэдэщ.

Егъапщэ псысэхэм:

ЛIыхъужьым цIыхубзым унафэ хуещI, хьэщIэщым щIэмыхьэну (мащэм имыплъэну, н.), езыр зекIуэ йожьэ; унафэр имыгъэзащIэу бзылъхугъэр хьэщIэщым щIохьэ (мащэм йоплъэ, н.) (къэIуэтэкIэр зэтемыхуэми, мыр ещхьщ пщыр хабзэм ебакъуэу унэIут щIасэ зэрищIым), иныжь (благъуэ, мэзылI) щIэсу (ису) къыщIокIри, абы щхьэгъусэ хуохъу; зэман докIри, щIалэ цIыкIу къащIохъуэ; ар лIыхъужьым щабзыщIын мурадкIэ, яхьри гъуэгущхьибл щызэблэкIым тралъхьэ (жыг дыкъуакъуэм далъхьэ); лIыхъужьыр къыщыкIуэжкIэ, абы ирохьэлIэ, къехь, ирегъэпIри, къару зэрамыщIэж, лIыгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, зыри зыпэмылъэщ лIы нэс къощIыкI. [АИГИКБНЦРАН. Ф. 12. Оп. 1. П. 6-а. П. 12; Нартхэр… 2017: 279–291].

Зэрынэрылъагъуэщи, Андемыркъан дунейм къызэрытехьар къэзыIуатэ сюжетхэм щызэхэухуэнащ пасэрей пкъыгъуэу нарт эпосым, псысэхэм щызэтеувахэмрэ иужькIэ пэжыр лъабжьэ зыхуэхъуа е абы егъэщхьа мотивхэмрэ. А щытыкIэр хыдолъагъуэ ЕщIэнокъуэ зэшхэмрэ абыхэм я бий КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужьрэ къызэралъхуам, я къэхъукIам щыгъуазэ дыхуэзыщI мотивхэмрэ сюжетхэмрэ.

Циклым къызэрыхэщыжымкIэ, ЕщIэнокъуэ зэшитIыр XVI лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм Тэлъостэныпщым къызэригъэпэщауэ хуагъэфащэ Бахъшысэрей зекIуэм хэтауэ щытащ (еплъ: «Бэхъшысэрей зекIуэ», «Къэбэрдейм цеипхъэжь джанэр зэрыщахыгъам» [Адыгэ IуэрыIуатэхэр 1969: 108–110]), мис абыкIи ахэр гъащIэм и пэжым, тхыдэм епхауэ жыпIэ хъунущ. Ауэ, мыбыхэм ехьэлIа IуэрыIуатэми щымащIэкъым нэхъ пасэу зэтеува жанрхэм зыужьыныгъэшхуэ щызыгъуэта мотивхэмрэ сюжетхмрэ. ЕщIэнокъуэхэ Уэзырмэсрэ Темыркъанрэ ящыщщ лIыгъэрэ хахуагъкIэ нэхъ лъэрызехьэ дыдэу лъэпкъым къыхэкIахэм. Апхуэдэу

щыщыткIи, зэрыжытIам хуэдэу, ахэри адрейхэм къащхьэщыкIын хуейщ, абы папщIэкIи циклым «зызэхуигъазэр» нарт эпосымрэ псысэмрэщ.

ЗэшитIыр дунейм къызэрытехьар къыхощыж «ЕщIэнокъуэ Атэбий» хъыбарым [Адыгэ IуэрыIуатэхэр 1969: 78–80]. Хъыбарыр сюжет зыбжанэу зэхэухуэнащ. И щIэдзапIэр АТ 650В псысэ сюжетым тохуэ. Мы псысэхэм куэдрэ уазэрыщрихьэлIэщи, лIы ябгэм нысащIэ къешэ; жэщ къэс ар, дыщэ пыIэ щхьэрыгъыу, егъэуври и пыIэм нэщанэ еуэурэ щхьэреуд; нысащIэм ар хуэмышэчу и щхьэгъусэм ищIэр зэрымылIыгъэр, атIэ зигъэунэхужыну хуеймэ, нэхъ лъэщыж зэрыщыIэр къыжреIэ; щхьэгъусэр а лIыхъужьым и лъыхъуакIуэ йожьэ, къегъуэт, езым нэхърэ нэхъ лъэщу къыщищIэкIэ, и хьэлыр зыхен. НэгъуэщIу къэIуэтами, дызытепсэлъыхь хъыбарри апхуэдэщ: КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужь (Ахъмэтэч) езым нэхърэ нэхъ лъэщ щымыIэу зыкъелъытэж; абы и псэм техуэркъым, лIыгъэкIэ, хахуагъкIэ, цIыхугъэкIэ Атэбийр цIэрыIуэ зэрыхъуар. Ар хуейкъым Атэбийр бэлэрыгъауэ зригъэхьэлIэу иукIыну, атIэ нэхъ къищтэр пэуву и зэфIэкIыр игъэунэхунырщ, апхуэдэ мурад иIэуи къожьэ, ар зэуапIэм къриджэн папщIэкIи и къуэш нэхъыщIэ цIыкIур еукI. Абы илъ ищIэжыну Атэбийр КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужь (Ахъмэтэч) и щIыналъэм йохьэ.

АдэкIэ хъыбарым зэрызиужьыр АТ 302 псысэ сюжетым пэблагъэу хэухуэна къэхъугъэрщ. Мыпхуэдэ таурыхъхэм зэрахабзэщи, иныжьым (е нэгъуэщI миф псэущхьэ гуэрым) хъыджэбзыр едыгъу; ар къригъэутIыпщыжыну лIыхъужьыр йожьэ; иныжьым тIасхъапIэ иIэщи, абы текIуэн папщIэ, лIыхъужьым ар (и псэр е и къарур зыхэлъыр) къищIэн хуейщ; къызэрыщIэкIымкIэ, иныжьым къару къезытыр щIым и гъунэм щыIэ тенджыз тIуащIэм щыпсэу нэжьгъущIыдзэм и шы лъэпкъым щыщ зэрытесырщ, хъыджэбзым а тIасхъапIэр къехутэри лIыхъужьым жреIэж; лIыхъужьми апхуэдэш зыIэрегъыхьэри, и бийм токIуэр, хъыджэбзыр хуит къещIыжри щхьэгъусэу къешэ (егъапщэ: СУС $302_1$ *Смерть Кащея в яйце* [Сравнительный указатель… 1979: 107–108]). Сюжетыр зиIэ адыгэ псысэхэр нэхъыбэу къызэрацIыхур «Къарэлъакъуиш» фIэщыгъэцIэмкIэщ [Адыгэ таурыхъхэр… 2018: 72–78, 79–89]. Таурыхъ куэдым ущрихьэлIэ щыIэщ хъыджэбзыр мэзылIым идыгъуу [Адыгэ таурыхъхэр… 2018: 197–201]. Языныкъуэхэм деж лIыхъужьыр абы пэлъэщын папщIэ, ар жеяуэ щытын хуейщ, ар къызэращIэ хабзэри IуэрыIуатэм зэфIигъэуващ – мэзылIыр жей куум хилъэфамэ, и пэм гъуэз (мафIэ бзий) кърех. Абы къыдэкIуэу, ар лIыхъужьым зэрыхуэукIынур езы мэзылIым и сэшхуэ дыдэмкIэщ, абы щыгъуэми и къарур пэлъэщу ар хуэгъэIэрыхуэн хуейщ.

Миф псэущхьэхэм я къалэныр зыгъэзащIэу хъыбарым къыхэщыр КъуийцIыкIуокъуэрщ – нысащIэр яфIрехьэжьэ. АдэкIэ сюжетым зэрыщыхабзэщи, бзылъхугъэм Атэбийм и лIыгъэр здынэсыр къыгурыIуа нэужь, сыт и лэныкъуэкIи абы зэрыдэIэпыкъуным хущIокъу. ЩIалэм илъ ищIэжын мурад зэриIэр къищIащи, бийм зэрытекIуэнумкIэ чэнджэщ ирет: Iуриха нэужь, и пэбзиймкIэ хъуаскIэ кърихыу зэрыхуежьэнур, езы Дэгужь и джатэмкIэ фIэкIэ, ари къыхуэIэтыххэмэ, зэрыхуэмыукIынур къыжреIэ. А чэнджэщхэм Атэбийр йодаIуэри КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужьыр хегъащIэ, апхуэдэ щIыкIэкIи илъ ещIэж, а псор къыжезыIа хъыджэбз дахэри щхьэгъусэу къешэ, ЕщIэнокъуэ Уэзырмэсрэ Темыркъанрэ къызэдалъху.

КъэIуэтэкIэкIэ мыбы къыщхьэщыкIыу нэгъуэщI варианти щыIэщ [Адыгэ IуэрыIуатэхэр 1969: 82–86]. Абы и ухуэкIэри псысэм хуэдэщ: ЩIэдзапIэр зи гугъу тщIа АТ 650В сюжетырщ. АдэкIэ зэрызиужьыр АТ 516 сюжетым тохуэ. Псысэхэм ар къызэрыщыIуэтар мыпхуэдэущ: пщым и къуэр нысащIэ лъыхъуэ йожьэ, и пщафIэр (ныбжьэгъур) щIыгъуу; гъуэгуанэ жыжьэм зэхиукIауэ ар мэлыхъуэ (Iэхъуэ, шыхъуэ) пщыIэм нос; лэгъупэжьым и фIыщIэкIэ къару егъуэтыж; къыщIежьар лэгъупэжьым щыжриIэкIэ, чэнджэщ кърет, мыкIуэну, хъыджэбзыр ябгащэу лъыхъу бгъуэщIрэ бгъум я щхьэ пиупщIауэ зэрыщытым къыхэкIкIэ; хъыджэбзым и лъыхъухэм къапигъэтIылът, къыдэжэн, нэщанэкIэ къыпеуэн, къебэнын хуейуэ,

къытекIуэмэ, дэкIуэну; лэгъупэжьым и чэнджэщхэмкIэ лIыхъужьыр хъыджэбзым токIуэ, къешэри тхъэрэ псэууэ къонэж [Сравнительный указатель… 2018: 576].

Псысэм къызэрыщыIуэтам хуэдэу, Атэбийр гъуэгум шыбзыхъуэ, мэлыхъуэ, бжьахъуэ пщыIэхэм щахуозэ, игъэзэжыну къолъэIухэр, Дэгужьыр егъэлеяуэ лIы ябгэщи (шу бгъущIрэ бгъум я щхьэр фIихащ). АрщхьэкIэ щимыдэм, бжьахъуэ тхьэмадэм чэнджэщ кърет, къелын папщIэ ищIэнухэмкIэ. АдэкIэ хъыбарыр АТ 302 сюжетым хуокIуэж: КъуийцIыкIуокъуэм и тIасхъапIэр хъыджэбзым ещIэри, ар Атэбийм къыжреIэ, мыдрейри и бийм токIуэ; япэу зи гугъу тщIа хъыбарым хуэдэу хъыджэбзыр къешэри, Уэзырмэсрэ Темыркъанрэ дунейм къытохьэ.

Циклым щхьэхуэу хоувэ бийм (КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужь) и дуней къытехьэкIар, и сабиигъуэр зэрекIуэкIар, шыр къызэрыIэрыхьа щIыкIэр къэзыIуэтэж мотивхэр щызэхэухуэна хъыбарыр [Адыгэ IуэрыIуатэхэр 1969: 115–116]. Ар къэIуэтащ АТ –655* псысэ сюжетымкIэ. Сюжетым нэхъыбэу дыщрохьэлIэ лIыхъужь, телъыджей псысэхэм, цIэрыIуэ зэрыхъуари *«Уэ алъпым урищхьэт…»* фIэщыгъэцIэмкIэщ [Адыгэ таурыхъхэр… 2018: 519–521, 521–522, 522–524]. Зи гугъу тщIы хъыбарыр зыхуэчэм щымыIэу а псысэм и сюжет къэIуэтэкIэм тохуэр: адэншэу къэхъу щIалэ цIыкIур зэгуэр мэз кIуауэ, зекIуэлI шу гуп къытоуэри ирахьэжьэ; бын имыIэу зылI яхэтти, щIолъэIури яIех, ипIынуи и унагъуэ ехь (егъапщэ: Андемыркъан къызэрагъуэта хъыбарым [Тхыдэр зи лъабжьэ… 2019: 138–146]). Мыбдежым хъыбарым къыхохьэ нэгъуэщI зы псысэ сюжети – АТ $400_1$: щIалэ цIыкIур щихькIэ, мылъхуадэм псалъэ быдэ ет, игъащIэкIэ «кIуэж» жримыIэну, арщхьэкIэ, таурыхъхэми нарт эпосми зэрыщыхабзэщи, и псалъэм йопцIыж; щIалэм ар игу щIохьэри щIопхъуэж (егъапщэ: Хъымыщ зеи «мыгъуэ цIыкIукIэ» емыджэну къигъэгугъэу испы пщащэр къызэришам, абы щепцIыжым, нысащIэ цIыкIур зэрикIыжам [Нартхэр… 2017: 168–173]). Сюжетыр лъэпкъ куэдым я IуэрыIуатэм зыщызужьахэм ящыщ зыщ (егъапщэ: СУС $400_1$=АА 400А= К 400А, В, С, D *Муж ищет исчезнувшую или похищенную жену (жена ищет мужа)* [Сравнительный указатель… 1979: 127]. АдэкIэ АТ –655* сюжетым къыпещэ: зыпI и адэм къыжриIам и щхьэр щIригъэхьауэ чыцэм здыпхыкIым, КъуийцIыкIуокъуэр шы щхьэ къупщхьэ ирохьэлIэ, и теплъэмкIэ ар алъпым ейуэ зэрыщытар къещIэр; апхуэдэ зэфIэкI и мылъхукъуэм зэриIэр (нэгъуэщIхэм шым хамылъагъуэм гу зэрылъитэр) къызыгурыIуа лIым ар къегъэсэбэпри алъпищ зыIэрегъыхьэ; КъуийцIыкIуокъуэм ещIэр дэтхэнэ алъпми бгъэдэлъ тIасхъапIэр: зым и щхьэ натIэр пIащIэщи, дыгъэм хуэгъэзауэ куэдрэ жэмэ, мэхынущ, адрейр лъэгу щабэщи, мывэм хыхьауэ къыпхуищIэн щыIэкъым (егъапщэ: Сосрыкъуэ и шым); КъуийцIыкIуокъуэр ещанэ алъпымкIэ и мылъхуадэм IэщIокIри я деж мэкIуэж (егъапщэ: АТ –655* псысэ сюжетым и къэIуэтэкIэм [Сравнительный указатель… 2018: 586]).

Мыбдежым гу зылъытапхъэхэм ящыщщ Дэгужь адэншэу дунейм къызэрытехьэр. Дызэрыщыгъуазэщи, мы мотиври ящыщщ лIыхъужьыр адрейхэм къащхьэщызыгъэкIыу зи гугъу тщIахэм, езыри пасэрей IуэрыIуатэм къыщожьэр. Нарт эпосым Уэзырмэси, Хъымыщи, Батрэзи, Ашэмэзи н. ныбэм илъу я адэхэр хокIуадэ. Апхуэдэхэщ псысэ персонаж куэдхэри. Зэ еплъыгъуэкIэ мыхэр щIэдзапIэм деж пфIэпсэкIуэд хъун хуейуэ щытщ. Аращ езы IуэрыIуатэр «зыхущIэкъури», апхуэдэу и лIыхъужьыр къигъэлъагъуэмэ, псом япэу абы гу лъыптэнущ, и насып кърикIуар къэпIщIэнуи ухуэпабгъэнущ. АдэкIэ зэрыхъуращи, зыкъызэкъуахри, зыри зэрыщымыгугъауэ, лIыгъэшхуэ, хахуагъэ къалъыкъуокI. Нэхъыбэрэ мы щытыкIэр зыдэтлъагъу хабзэр лIыхъужь нэхъыщхьэрщ, ауэ мыбдежым ар циклым бийм и образым хипщащ. Абы и щхьэусыгъуэу къыдолъытэ, Атэбийр зыпэщIэувар къызэрыгуэкIыу щымыту, атIэ къарукIи, лIыгъэкIи, мэгъу зэфIэкI бгъэдэлъхэмкIи абы пэлъэщыгъуейуэ зэрыщытыр хъыбарым къыхигъэбелджылыкIыну зэрыхуейр, а щIыкIэмкIи абы текIуэфа лIыхъужьым и зэфIэкIыр иIэтыну яужь зэритыр.

Зэрынэрылъагъущи, нэхъ пасэу IуэрыIуатэм щызэтеува жанрхэми хуэдэу, тхыдэр зи лъабжьэ эпосым и лIыхъуэжьри хиIэтыкIыну, гу лъуигъэтэну хущIокъур, абы папщIэкIэ къигъэсэбэп Iэмалхэм ящыщ зыщ лIыхъуэжьым и дуней къытехьэкIэр къэзыIуатэ мотивыр. Дызриплъа хъыбархэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, нэхъапэм лъэпкъым зэтриухуауэ щыта образ къэгъэщIыкIэм мыбдежми къыпещэр, зрегъэужьыр. Мы эпос лIэужьыгъуэм и пасэрей лъэхъэнэм хыдолъагъуэ нарт циклхэм, лIыхъуэжь, телъыджей псысэхэм зыужьыныгъэшхуэ щызыгъуэта пкъыгъуэхэр, икIи ахэр Iэзагъышхуэ хэлъу къызэрыщыгъэсэбэпам мы IуэрыIуатэхэкIхэм я къулеягъыр иригъэфIакIуэу, удэзыхьэх ищIу жыпIэ хъунущ.

## ТегъэщIапIэхэр
## Список источников


Адыгэ таурыхъхэр… 2018 – *Адыгэ таурыхъхэр.* ТомитIу. 2 т.: Телъыджей таурыхъхэр / зэхэз. Тхьэмокъуэ (Брай) Женэщ. Налшык: ИГИ КБНЦ РАН-м и тхылъхэр тедзэным щыхуагъэхьэзыр къудамэ, 2018. Н. 592 (Адыгские сказки. В 2-х т. Т. 2: Волшебные сказки / сост. Ж.Г. Тхамокова (Браева). Нальчик: Ред.-изд. отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2018. 592 с.).

Адыгэ IуэрыIуатэхэр 1969 – *Адыгэ IуэрыIуатэхэр.* ТомитIу. 2 т. / зэхэз. КъардэнгъущI З.П. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1969. Н. 285 (Адыгский фольклор. В 2-х т. Т. 2 / сост. З.П. Кардангушев. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1969. 285 с.).

АИГИКБНЦРАН – *Архив Института гуманитарных исследований Кабардино-Балкарского научного центра Российской академии наук.*

Алиева 2019 – *Алиева А.И.* Адыгский героический эпос. Сказка: Источниковедение. Текстология. Типология. Семантика. Поэтика (серия ИМЛИ РАН «Фольклор»). М.: ИМЛИ, 2019. 736 с. DOI: 10.22455/978-5-9208-0587-4

Бухуров, Бухурова 2019 – *Бухуров М.Ф., Бухурова К.М.* Мотив чудесного рождения в цикле об Андемиркане // Вестник КБИГИ. 2019. № 3 (42). С. 194–206. DOI: 10.31007/2306-5826-2019-3-42-194-206

Бухуров 2009 – *Бухуров М.Ф.* Мотив чудесного рождения в адыгских богатырских сказках // Известия КБНЦ РАН. 2009. № 2 (28). С. 162–169.

Быхъурэ 2013 – *Быхъурэ М.Ф.* ЛIыхъужьым и сабиигъуэр (мотивыр нарт эпосымрэ пелуан псысэхэмрэ къазэрыхэщыр) // Вестник ИГИ Правительства КБР и КБНЦ РАН. 2013. № 1 (20). С. 87–97.

Гутов 2009 – *Гутов А.М.* Народный эпос: Традиция и современность. Нальчик: Изд-во КБИГИ, 2009. 228 с.

Гутов 2000 – *Гутов А.М.* Художественно-стилевые традиции адыгского эпоса. Нальчик: Издательский центр «Эль-Фа», 2000. 219 с.

Кабардинский фольклор 2000 – *Кабардинский фольклор* / общ. ред. Г.И. Бройдо. Нальчик: Издательский центр «Эль-Фа», 2000. 651 с.

Нартхэр… 2012 – *Нартхэр. Адыгэ эпос.* ТомиплIу. 1 т.: Эпосым и ублапIэ лъэхъэнэ. Сосрыкъуэ / Гъут I.М. и ред. Налшык: ООО «Тетраграф», 2012. Н. 424 (Нарты. Адыгский эпос. В 4-х т. Т. 1: Ранние циклы эпоса. Сосруко / под ред. А.М. Гутова. Нальчик: ООО «Тетраграф», 2012. 424 с.).

Нартхэр… 2017 – *Нартхэр. Адыгэ эпос.* ТомиплIу. 2 т.: Уэзырмэс. Батрэз. Ашэмэз / ред. нэхъ. Гъут I.М. Налшык: ИГИ КБНЦ РАН, 2017. Н. 468 (Нарты. Адыгский эпос. В 4-х т. Т. 2: Озырмес. Батраз. Ашамез / гл. ред. А.М. Гутов. Нальчик: ИГИ КБНЦ РАН, 2017. 468 с.). URL: http://www.kbigi.ru/fmedia/2.%D0%9D%D0%90%D0%A0%D0%A2%D0%AB. %D0%A2%D0%BE%D0%BC-2.pdf (дата обращения: 10.11.2022).

Нартхэр… 2020 – *Нартхэр. Адыгэ эпос.* ТомиплIу. 3 т.: Бэдынокъуэ. Щауей / ред. нэхъ. Гъут I.М. Налшык: ИГИ КБНЦ РАН, 2020. Н. 582 (Нарты. Адыгский эпос. В 4-х т. Т. 3: Бадиноко. Шауей / гл. ред. А.М. Гутов. Нальчик: Ред.-изд. отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2020. 582 с.) URL: http://www.kbigi.ru/fmedia/%D0%9D%D0%90%D0%A0%D0%A2%D0%AB-2020 %D0%91%D0%AD%D0%94%D0%AB%D0%9D%D0%9E%D0%9A%D0%AA%D0%A3%D0%AD-%D0%94%D0%9B%D0%AF-%D1%80%D0%B0%D0%B7%D0%BC%D0%B5%D1%89%D0%B5%D0%BD%D0%B8%D1%8F.pdf (дата обращения: 5.11.2022).

Пропп 1986 – *Пропп В.Я.* Исторические корни волшебной сказки. Л.: Издательство Ленинградского университета, 1986. 366 с.

Пропп 1976 – *Пропп В.Я.* Фольклор и действительность. М.: Наука. 1976. 326 с.

Сравнительный указатель… 2018 – *Сравнительный указатель сюжетов адыгских* (*кабардинских, черкесских, адыгейских*) *волшебных сказок по системе Аарне-Томпсона* / сост. Ж.Г. Тхамокова (Браева) // *Адыгэ таурыхъхэр.* ТомитIу. 2 т.: Телъыджей таурыхъхэр / зэхэз. Тхьэмокъуэ (Брай) Женэщ. Налшык: ИГИ КБНЦ РАН-м и тхылъхэр тедзэным щыхуагъэхьэзыр къудамэ, 2018. Н. 553–588 (Адыгские сказки. В 2-х т. Т. 2: Волшебные сказки / сост. Ж.Г. Тхамокова (Браева). Нальчик: Ред.-изд. отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2018. С. 553–588).

Сравнительный указатель… 1979 – *Сравнительный указатель сюжетов. Восточнославянская сказка* / отв. ред. К.В. Чистов. Л.: Наука, 1979. 438 с.

Тхыдэр зи лъабжьэ… 2019 – *Тхыдэр зи лъабжьэ адыгэ уэрэдыжьхэмрэ хъыбархэмрэ.* 1 т.: Андемыркъан / ред. нэхъ. Гъут I.М. Налшык: ИГИ КБНЦ РАН-м и тхылъхэр тедзэным щыхуагъэхьэзыр къудамэ, 2019. Н. 430 (Адыгские историко-героические песни и предания. Т. 1. Андемиркан / гл. ред. А.М. Гутов. Нальчик: Ред.-изд. отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2019. 430 с.).

ФАИГИКБНЦРАН – *Фоноархив Института гуманитарных исследований Кабардино-Балкарского научного центра Российской академии наук.*

Фрэзер 1984 – *Фрэзер Дж.Дж.* Золотая ветвь. М.: Издательство политической литературы, 1984. 704 с.

Хут 2003 – *Хут Ш.Х. Адыгское народное искусство слова.* Майкоп: Адыгейское республиканское книжное издательство, 2003. 536 с.

Штернберг 1936 – *Штернберг А.Я.* Первобытная религия в свете этнографии. Л.: Издательство Института народов Севера ЦИК СССР им. П.Г. Смидовича. 1936. 572 с.

Thompson 1961 – *Thompson S.* The types of the folktale. A classification and bibliography. Antti Aaarne's «Verzeichnis der Märchentypen» (FFC № 3) translated and enlarged. Second revision (FFC 184). Helsinki: Suomalainen Tiedeakatemia, 1961. 588 p.

## References

*Adyge taurykh"kher. TomitIu. 2 t.: Tel"ydzhey taurykh"kher* [Adyg fairy tales. In 2 volumes. Vol. 2: Fairy tales. Comp. Zh.G. Tkhamokova (Braeva)]. Nalchik: Editorial and Publishing Department of the IHR KBSC RAS, 2018. 592 p. (In Adyg)

*Adyge IueryIuatekher* [Adyg folklore. In 2 volumes. Vol. 2. Comp. Z.P. Kardangushev]. Nalchik: Kabardino-Balkarian book publishing house, 1969. 285 p. (In Adyg)

AIGIKBNTSRAN – *Arkhiv Instituta gumanitarnykh issledovaniy Kabardino-Balkarskogo nauchnogo tsentra Rossiyskoy akademii nauk* [Archive of the Institute for Humanitarian Research of the Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences].

ALIYEVA A.I. *Adygskiy geroicheskiy epos. Skazka: Istochnikovedeniye. Tekstologiya. Tipologiya. Semantika. Poetika (seriya IMLI RAN «Fol'klor»)* [Adyg heroic epic. Fairy tale: Source study. Textology. Typology. Semantics. Poetics (series IMLI RAS "Folklore")]. M.: IMLI, 2019. 736 p. DOI: 10.22455/978-5-9208-0587-4. (In Russian)

BUKHUROV M.F., BUKHUROVA K.M. *Motiv chudesnogo rozhdeniya v tsikle ob Andemirkane* [The motif of a miraculous birth in the Andemircan cycle]. IN: KBIHR Bulletin. 2019. No. 3 (42). P. 194–206. DOI: 10.31007/2306-5826-2019-3-42-194-206. (In Russian)

BUKHUROV M.F. *Motiv chudesnogo rozhdeniya v adygskikh bogatyrskikh skazkakh* [The motif of a miraculous birth in the Adyghe heroic tales]. IN: News of the Kabardino-Balkarian Scientific Center of RAS. 2009. No. 2 (28). P. 162–169. (In Russian)

BYKHURE M.F. *LIykh"uzh'ym i sabiig"uer (motivyr nart eposymre peluan psysekhemre k"azerykheshchyr)* [The motive of a «heroic childhood» in the narts epic and in heroic fairy tales of the adygs]. IN: Bulletin of the IGI Government of the KBR and KBSC RAS. 2013. No. 1 (20). Pp. 87–97. (In Adyg)

GUTOV A. M. *Narodnyy epos: Traditsiya i sovremennost'* [Folk Epic: Tradition and Modernity]. Nalchik: KBIGI Publishing House, 2009. 228 p. (In Russian)

GUTOV A.M. *Khudozhestvenno-stilevyye traditsii adygskogo eposa* [Artistic and stylistic traditions of the Adyghe epic]. Nalchik: El-Fa Publishing Center, 2000. 219 p. (In Russian)

*Kabardinskiy fol'klor* [Kabardian folklore. Gen. ed. G.I. Broido]. Nalchik: El-Fa Publishing Center, 2000. 651 p. (In Russian)

*Nartkher. Adyge epos. TomiplIu. 1 t.: Eposym i ublapIe l"ekh"ene. Sosryk"ue* [Narts. Adyg epic. In 4 volumes. Vol. 1: Early cycles of the epic. Sosruko. Ch. ed. A.M. Gutov]. Nalchik: Tetragraph LLC, 2012. 424 p. (In Adyg and Russian)

*Nartkher. Adyge epos. TomiplIu. 2 t.: Uezyrmes. Batrez. Ashemez* [Narts. Adyg epic. In 4 volumes. Vol. 2: Ozyrmes. Batraz. Ashamez. Ch. ed. A.M. Gutov]. Nalchik: IHR KBSC RAS, 2017. 468 p. URL: http://www.kbigi.ru/fmedia/2.%D0%9D%D0%90%D0%A0%D0%A2%D0%AB.%D0%A2%D0%BE%D0%BC-2.pdf (date of access: 10.11.2022). (In Adyg and Russian)

*Nartkher. Adyge epos. TomiplIu. 3 t.: Bedynok"ue. Shchauyey* [Narts. Adyghe epic. In 4 volumes. Vol. 3: Badinoko. Shauey. Ch. ed. A.M. Gutov]. Nalchik: Editorial and Publishing Department of the IHR KBSC RAS, 2020. 582 p. URL: http://www.kbigi.ru/fmedia/%D0%9D%D0%90%D0%A0%D0%A2%D0%AB-2020 %D0%91%D0%AD%D0%94%D0%AB%D0%9D%D0%9E%D0%9A%D0%AA%D0%A3%D0%AD-%D0%94%D0%9B%D0%AF-%D1%80%D0%B0%D0%B7%D0%BC%D0%B5%D1%89%D0%B5%D0%BD%D0%B8%D1%8F.pdf (date of access: 5.11.2022). (In Adyg and Russian)

PROPP V.Ya. *Istoricheskiye korni volshebnoy skazki* [The historical roots of fairy tales]. L.: Leningrad University Press, 1986. 366 p. (In Russian)

PROPP V.Ya. *Fol'klor i deystvitel'nost'* [Folklore and reality]. M.: Science, 1976. 326 p. (In Russian)

*Sravnitel'nyy ukazatel' syuzhetov adygskikh (kabardinskikh, cherkesskikh, adygeyskikh) volshebnykh skazok po sisteme Aarne-Tompsona* [Comparative index of plots of the Adyg (Kabardian, Circassian, Adyghey) fairy tales according to the Aarne-Thompson system. Comp. Zh.G. Tkhamokova (Braeva)]. IN: *Adyge taurykh"kher. TomitIu. 2 t.: Tel"ydzhey taurykh"kher* [Adyg fairy tales. In 2 volumes. Vol. 2: Fairy tales. Comp. Zh.G. Tkhamokova (Braeva)]. Nalchik: Editorial and Publishing Department of the IHR KBSC RAS, 2018. P. 553–588. (In Russian)

*Sravnitel'nyy ukazatel' syuzhetov. Vostochnoslavyanskaya skazka* [Comparative index of plots. East Slavic tale / Ex. ed. K.V. Chistov]. L.: Science, 1979. 438 p. (In Russian)

*Tkhyder zi l»abzh'e adyge ueredyzh'khemre kh»ybarkhemre. 1 t.: Andemyrk"an* [Adyg historical and heroic songs and legends. Vol. 1. Andemirkan. Ch. ed. A.M. Gutov]. Nalchik: Editorial and Publishing Department of the IHR KBSC RAS, 2019. 430 p. (In Adyg and Russian)

FAIGIKBNTSRAN – *Fonoarkhiv Instituta gumanitarnykh issledovaniy Kabardino-Balkarskogo nauchnogo tsentra Rossiyskoy akademii nauk* [Phonoarchive of the Institute for Humanitarian Research of the Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences].

FREZER Dzh.Dzh. *Zolotaya vetv'* [Golden branch]. M.: Publishing house of political literature, 1984. 704 p. (In Russian)

KHUT Sh.Kh. *Adygskoye narodnoye iskusstvo slova* [Adyghe folk art of the word]. Maykop: Adyghe republican book publishing house, 2003. 536 p. (In Russian)

SHTERNBERG A.Ya. *Pervobytnaya religiya v svete etnografii* [Primitive religion in the light of ethnography]. L.: Publishing house of the Institute of the Peoples of the North of the Central Executive Committee of the USSR. P.G. Smidovich, 1936. 572 p.

THOMPSON S. The types of the folktale. A classification and bibliography. Antti Aaarne's «Verzeichnis der Märchentypen» (FFC № 3) translated and enlarged. Second revision (FFC 184). Helsinki: Suomalainen Tiedeakatemia, 1961. 588 p.

**Авторым теухуауэ**

**Быхъурэ М.Ф.** – филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, адыгэ IуэрыIуатэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ.

**Информация об авторе**

**М.Ф. Бухуров** – кандидат филологических наук, ведущий научный сотрудник сектора адыгского фольклора.

**Information about the author**

**M.F. Bukhurov –** Candidate of Science (Philology), Leading Researcher of the Sector of Adyg Folklore.

Статья поступила в редакцию 17.12.2022; одобрена после рецензирования 25.12.2022; принята к публикации 26.12.2022.

The article was submitted 17.12.2022; approved after reviewing 25.12.2022; accepted for publication 26.12.2022.